



Livrezon Lakay Gratis nan Famasi a!

Ou pa gen tan pou ale nan famasi a?

Ou pa gen tan pou ale nan famasi a? Pa gen pwoblèm. Kòm yon pasyan CHA, kounye a ou ka jwenn livrezon gratis nan famasi a! Enskri jodi a [lè w voye yon imèl pou nou](#) oswa rele nan 617-806-8566 (opsyon 3). Nou fè livrezon tout kote nan Massachusetts!

[Gade videyo](#) nou an epi dekouvri poukisa Famasi CHA a se yon bon chwa pou ou.



Operasyon CHA

Zòrèy, Nen ak Gòj

Pandan n ap kontinye viv lavi nou pandan sezon alèji yo, anpil nan nou konsantre sou zòrèy, nen ak gòj nou. Doktè Ayesha Khalid pa janm sispann. Antanke Chèf Otolaringoloji (Zòrèy, Nen ak Gòj), Doktè Khalid ak ekip li a ka ede ak tout kalite enkyetid tankou maladi zòrèy, sinis, ronfleman, pwoblèm tiwoyid, alèji ak plis ankò. Jwenn enfòmasyon sou travay li nan [watching this short video](#).

Chirijyen CHA yo se Top Doktè nan Boston pou 2022

Pami anpil doktè CHA yo te kalifye Top Doktè nan Boston pou ane 2022, twa ladan yo te chirijyen CHA – Erika Fellingner, MD ak Lisa Ferzoco, MD (Operasyon Jeneral) ak Moon Kwoun, MD (Operasyon Vaskilè). Kòm yon Lopital Anseyman Harvard, CHA gen yon ekip operasyon fantastik ki bay swen espesyalize pou yon pakèt bezwen sante. Felisitasyon ak ekip la!



Sante nan tete (oswa pwatrin) nan Cambridge Breast Center

Mwa ki sot pase a Cambridge Breast Center te reakredite nan NAPBC, yon pwogram nan Kolèj Ameriken pou Chirijyen yo.. CHA se te premye lopital nan Massachusetts ki te reyalize akreditasyon nasyonal sa a, epi apwobasyon kontinye montre nou bay swen espesyalize pou kansè nan tete ak lòt maladi nan tete. Aprann plis lè w gade videyo [Breast Center nou an](#).



Evènman Fanmi Vaksen COVID-19

Ki sa ki pi bon pase jwenn yon kat kado \$25 ak yon krèm glase gratis? Pi bon bagay se pwoteje fanmi w ak kominote w kont COVID-19 lè w fè tout moun vaksine. Pedyat yo pral sou plas pou reponn kesyon sou vaksen ak sante. **Byenvini vizitè yo, enskripsyon yo aksepte:** <https://home.color.com/vaccine/register/metronorthmobile>

Samdi, Me 21st ak Samdi, 25 jen soti nan 9AM - Midi

CHA Somerville Pediatrics, 236 Highland Avenue, Somerville, MA 02143



Konpliman pou Enfimyè 2022

Felisitasyon pou tout enfimyè CHA yo ki te distenge nan omaj yo bay Enfimyè yo nan Boston Globe.

Margaret Buckley

Jane Buley

Lynne Crawford

Corinne Imperatore

Caitlin Martin

Graciela Martinez

Corey Marvin

Maria Melchionno

Moishe Ragieme

Valerie Roberson

Kristen Robertson

Joana Shiri

Stephanie Sylvain

Michael Wilson